



Pa Prezidan Thomas S. Monson

# Obeyisans pote benediksyon

*Nou jwenn konesans sou laverite a ak repons pou pi gwo kesyon nou yo lè nou obeyi kòmandman Bondye yo.*

**F**rè ak sè byeneme m yo, mwen rekonesan anpil pou m avèk nou maten an. M ap mande nou pou nou egzèse lafwa nou ak priyè nou pandan m ap reponn ak privilèj pou m pale avèk nou an.

Nan tout syèk yo, gason ak fi te toujou chèche konesans ak konprann sou egzistans mòtèl la ak plas yo ak rezondèt yo nan tout bagay sa yo, ansanm ak chemen ki mennen nan lapè ak bonè a tou. Se yon kalite rechèch ke nou tout antreprann.

Konesans ak konpreyansyon sa a aksesib pou tout limanite. Yo chita nan verite ki etènèl. Nan Doktrin ak Alyans, seksyon 1, vèsè 39, nou li: “Paske gade, gade, Senyè a se Bondye, epi Lespri a rann temwayaj, epi temwayaj la vrè, epi verite a rete pou tout tan.”

Yon powèt te ekri:

*Menmsi syèl la ak tè a ta gen pou yo disparèt,  
Verite, sòm egzistans lan,*

*ap triyonfe sou tout,  
Etènèl, enchanjab, ajamè.<sup>1</sup>*

Yon moun gen dwa mande: “Ki kote nou ka jwenn verite sa a, e kijan nou ka rekonèt li?” Nan yon revelasyon Pwofèt Joseph Smith te resevwa nan Kirtland, Ohio, an Me 1833, Senyè a te deklare:

“Verite se konesans bagay jan yo ye, epi jan yo te ye, ak jan yo pral vin ye; . . .

“Lespri verite a se pou Bondye. . . .

“Epi pèsonn pa resevwa toutnèt san li pa respekte kòmandman l yo.

“Yon moun ki respekte kòmandman l yo li resevwa verite ak limyè, jistan l glorifye nan verite epi l konnen tout bagay.”<sup>2</sup>

Ala yon bèl pwomès! “Yon moun ki respekte kòmandman l yo li resevwa verite ak limyè, jistan l glorifye nan verite epi l konnen tout bagay.”

Nan epòk plen limyè sa a kote plenitud levanjil la retabli a, pa gen okenn nesite pou nou menm avèk

mwen navige sou lanmè enkonni ni vwayaje sou wout enkonni pou n al chèche laverite. Yon Papa eman ki nan Syèl la trase chemen an pou nou e li ba nou yon gid enfayib—ki se *obeyisans*. Nou resevwa yon konesans sou laverite ak repons pou pi gwo kesyon nou yo lè nou obeyi kòmandman Bondye yo.

Nou aprann obeyisans pandan tout lavi nou. Depi nou tou piti, moun ki responsab nou yo etabli direksyon ak règ pou asire sekirite nou. Lavi a t ap pi senp pou nou tout si nou ta totalman obeyi règ sa yo. Men, anpil nan nou aprann sajès ki genyen nan obeyisans lan atravè eksperyans.

Lè m t ap grandi, chak ete depi kòmansman Jiyè rive jis nan kòmansman Septanm, fanmi m te konn ale nan yon kabin nou te genyen nan Vivian Park, nan Canyon Provo a, nan Uta.

Youn nan pi bon zanmi mwen pandan epòk ensousyan sa yo nan kanyon nan sete Danny Larsen, fanmi li te gen yon kabin nan Vivian Park tou. Chak jou li menm avèk mwen te konn al pwomne nan paradi sa a, ap peche nan ti kannal la oubyen nan larivyè a, ap koleksyone wòch ak lòt trezò, monte mòn, e tou senpleman pwofite chak minit nan jounen an chak jou.

Yon jou maten, Danny avèk mwen te deside pou nou te fè yon ‘feu de camp’ nan aswè avèk tout zanmi nou yo nan kanyon an. Nou te jis bezwen pwòpte yon zòn nan yon jaden tou pre a pou nou tout te ka reyini. Zèb mwa Jen an ki te kouvri jaden an te vin sèch epi l te pike, sa k te fè l pa t twò konvab pou sa nou te bezwen fè a. Nou te kòmanse rache zèb yo

nan bi pou nou te ka fè yon gwo espas anwon. Nou te tire e rale ak tout fòs nou men, tout sa nou te ka rache sete ti ponyen movèzèb tenas. Nou te konnen tach sa a t ap pran tout jounen an, e enèji nou ak antouzyas nou te deja kòmanse febli.

Epi lè sa a, sa m te panse ki te solisyon pafè a te vini nan lespri uitan m nan. M te di Danny: “Tout sa nou bezwen fè se brile zèb sa yo. N ap jis *boule* yon sèk nan zèb la!” Li te dakò san ezite, epi m te kouri al chèche alimèt nan kabin nan.

Si nou youn la a ta panse ke, nan laj uitan, nou te gen pèmasyon pou n te itilize alimèt, m vle di nou klè ke yo te entèdi Danny avèk mwen itilize alimèt san granmou pa la. San rete, yo te konn bay nou toulède mizangad sou danje dife. Men, m te konn ki kote fanmi m te konn mete alimèt yo, e nou te bezwen netwaye jaden sa a. San menm reflechi yon dezyèm fwa, m te kouri al nan kabin nan epi m te pran kèk bwa alimèt, pandan m te asire m ke okenn moun pa t ap gade. M te prese mete yo nan pòch mwen.

M te retounen al jwenn Danny, eksite dèske nan pòch mwen m te gen solisyon pwoblèm nou an. Mwen raple m ke m te panse dife a t ap boule sèlman zòn nou te vle a epi apres, yon fason kèlkonk, li li t ap etenn majikman.

Mwen te pase yon alimèt sou yon wòch epi m te anflame zèb sèch mwa Jen an. Li te flanbe kòm si l te tranpe nan gazolin. Okòmansman, Danny avèk mwen te kontan lè nou te wè movezèb yo ap disparèt la, men byen vit, nou te vin reyalize ke dife a pa ta pral etenn poukont li. Nou te panike lè nou te reyalize pa t gen anyen nou t ap kapab fè pou rete li. Flanm menasan yo te kòmanse brile movezèb yo rive jis anlè mòn nan, sa ki te mete pye sapen yo andanje ak tout lòt sa k te sou wout yo.

Finalman, nou pa t gen okenn lòt chwa ke kouri al chèche èd. Byen vit, tout gason ak tout fi ki te disponib nan Vivian Park t ap kouri pasipala avèk twal sak mouye, pou yo te bat

flanm dife yo pou eseye etenn yo. Apre plizyè èdtan, yo te finalman etenn dènye rès flanm yo. Pye sapen santènè yo te sove, ansanm avèk kay yo ke flanm yo t ap finalman atenn.

Danny avèk mwen te aprann plizyè leson difisil men enpòtan jou sa a—yon gran pati ladan yo sete enpòtans obeyisans.

Gen règ ak lwa pou asire sekirite fizik nou. Menmjan tou, Senyè a bay direksyon ak kòmandman pou asire sekirite espirityèl nou pou nou kapab reyisi navige nan egzistans mòtèl ki souvan danjere sa a epi pou n finalman retounen al jwenn Papa nou ki nan Syèl la.

Dè syèk pase, pou yon jenerasyon moun ki te grandman ankre nan tradisyon pou yo te fè sakrifis bèt, Samyèl te kareman deklare: “Pito yon moun obeyi pase l fè sakrifis, pito l soumèt devan Bondye pase l ofri grès belye.”<sup>3</sup>

Nan dispansasyon sa a, Senyè a te revele bay Pwofèt Joseph Smith sa li mande: “Yon kè ak yon panse ki gen bon volonte; epi moun ki gen bon volonte epi ki obeyisan pral manje bon bagay ki nan tè Siyon an nan dènye jou sa yo.”<sup>4</sup>

Tout pwofèt, ansyen ak modèn, toujou konnen ke obeyisans endispansab pou sali nou. Nefi te deklare: “M prale e m ap fè bagay Senyè a te kòmande yo.” Malgre lòt yo te febli nan lafwa yo ak obeyisans yo, pa yon fwa Nefi pa t febli nan fè sa Senyè a te mande li. Kòm rezilta, anpil jenerasyon te beni.

Istwa Abraram ak Isaac la se yon istwa emouvant sou obeyisans. Ala sa dwe te penib ak difisil pou Abraram, pou l te obeyi kòmandman Bondye te ba li a, pou pran Isaac, pitit gason byeneme l la, pou mennen l nan peyi Moria pou al ofri l an sakrifis la. Èske nou ka imagine tristès nan kè Abraram pandan l t ap vwayaje ale nan kote yo te di l la? Siman doulè te nan tout kò li e t ap tòtire lespri li pandan l t ap mare Isaac, mete l kouche sou lotèl la, epi pran kouto li pou touye l la. Avèk yon lafwa inbranlab ak

konfyans total nan Senyè a, li te obeyi kòmandman Senyè a te ba li a. Ala bèl deklarasyon gloriye sa a te bèl, e siman Abraram te ekstrèmman kontan, lè l te tande: “Pa leve men ou sou tigason an. Pa fè l anyen. Koulyea mwen konnen ou gen krentif pou Bondye vre, paske ou pa t refize touye sèl pitit gason w lan pou mwen.”<sup>6</sup>

Yo te teste Abraram epi mete l aleprè, epi, poutèt fidelite li ak obeyisans li, Senyè a te fè l pwomès mayifik sa a: “Granmesi tout pitit pitit ou yo, tout nasyon sou latè pral jwenn benediksyon, paske ou te fè sa m te mande w fè a.”<sup>7</sup>

Byenke yo pa mande nou pou nou demontre obeyisans nou nan yon fason osi dramatik ak penib, yo mande nou pou nou obeyisan tou.

Prezidan Joseph F. Smith te deklare an Oktòb 1873: “Obeyisans se premye lwa syèl la.”<sup>8</sup>

Prezidan Gordon B. Hinckley te di: “Bonè Sen Dènye Jou yo, lapè Sen Dènye Jou yo, pwogresyon Sen Dènye Jou yo, pwosperite Sen Dènye Jou yo, ak sali etènèl ak egzaltasyon pèp sa a chita nan lefèt ke yo mache nan obeyi konsèy . . . Bondye yo.”<sup>9</sup>

Obeyisans se karakteristik prensipal pwofèt yo; li pote fòs ak konesans pou yo atravè tout syèk. Li enpòtan pou nou pran konsyans ke nou menm tou, nou gen dwa gen aksè a sous fòs ak konesans sa a. Li fasilman aksesib pou nou chak jodia si nou obeyi kòmandman Bondye yo.

Atravè ane yo, mwen vin konn anpil moun ki te patikilyèman fidèl ak obeyisan. Mwen beni e enspire pa yo menm. Kite m pataje avèk nou yon istwa sou de nan moun sa yo.

Walter Krause sete yon manm fèm Legliz la ki, avèk fanmi li, te abite nan sa ki te vin tounen Almay de Lès la apre Dezyèm Gè Mondyal la. Malgre difikilte li te rankontre akòz mank libète nan zòn sa a nan mond lan alepòk, Frè Krause sete yon moun ki te renmen Senyè a e ki t ap sèvi li. Li te fidèlman ranpli chak tach yo te ba li avèk konsyans.

Lòt moun nan, Johann Denndorfer, ki soti nan Hongrie, te konvèti nan Legliz la an Almay e li te batize nan kote sa a nan lane 1911 nan laj 17 an. Pa twò lontan apres, li te retounen Hongrie. Apre Dezyèm Gè Mondyal la, li te twouve l pratikman prizonnye nan pwòp peyi natal li, nan vil Debrecen. Yo te retire libète nan men pèp Hongrie a tou.

Frè Walter Krause, ki pa t konnen Frè Denndorfer, te resevwa tach pou l te enstriktè nan fwaye li e vizite l regilyèman. Frè Krause te rele konpayon vizit li epi l te di l: “Nou resevwa tach pou nou vizite Frè Johann Denndorfer. Èske w ap disponib pou w ale avèk mwen semèn sa a pou n al wè li pou pote mesaj levanjil la ba li? Epi apre, li te ajoute: “Frè Denndorfer ap viv nan Hongrie.”

Trè etone, konpayon l te mande: “Kilè nou prale?”

Frè Krause te reponn: “Demen.”

“Kilè n ap retounen?” konpayon l te mande.

Frè Krause te reponn: “O, nan apre prè yon semèn—si nou *ka* retounen.”

De enstriktè nan fwaye yo te pati pou al rann Frè Denndorfer vizit, yo te vwayaje nan tren ak bis soti nan nòdès peyi Almay pou ale Debrecen, an Hongrie—yon vwayaj byen long. Frè Denndorfer pa t gen enstriktè nan fwaye depi anvan lagè a. Konsa, lè l te wè de sèvitè Senyè sa yo, li te ranpli ak rekonesans dèske yo te vini. Toudabò li te refize ba yo lamen. Olyesa, li t ale nan chanm ni epi, nan yon ti bifèt, li te retire yon bwat ki te gen dim ni ke l te sere pandan dèzane. Li te remèt enstriktè nan fwaye yo dim nan epi l te di: “Kounyeya mwen anrèg avèk Senyè a. *Kounyeya* m santi m diy pou bay sèvitè Senyè a lamen!” Frè Krause te di m nan apre ke li te pwofondeman touche pou wè frè fidèl sa a, ki avèk

obeyisans e dosilman, san l pa t gen okenn kontak avèk legliz la pandan dèzane, te retire 10 pousan nan salè mèt li te genyen an pou peye dim ni. Li te sere l, san l pa t menm konnen kilè ni ki jou li t ap janm gen privilèj pou peye li.

Frè Walter Krause te mouri sa gen nevan, nan laj katrevenkatòzan. Li te sèvi fidèlman ak obeyisans pandan tout lavi li e li sete yon sous enspirasyon pou mwen menm ak pou tout moun ki te konnen li. Lè yo te konn mande l pou l te ranpli yon tach, li pa t janm poze kesyon, li pa t janm mimire, ni li pa t janm chèche ekskiz.

Frè m ak sè m yo, gwo tès lavi a se obeyisans. Senyè a di: “Epi nou pral pase yo anba epè, pou nou wè si yo pral fè tout bagay Senyè Bondye yo a pral kòmande yo.”<sup>10</sup>

Sovè a te deklare: “Paske, tout moun ki resevwa yon benediksyon nan men m dwe obeyi lalwa ki gen rapò avèk benediksyon sa a, ak kondisyon yo jan sa te tabli anvan fondasyon mond lan.”<sup>11</sup>

Pa gen pi gwo egzanp obeyisans ki egziste pase obeyisans Sovè nou an. Konsènan li menm, Pòl te di:

“Atout li te pitit Bondye, li vin konnen sa ki rele yon moun obeyisan, avèk tout soufrans li yo;

“Epi etandone li te vin pafè, li te vin tounen delivrans etènèl pou tout limanite pou tout moun ki obeyi li.”<sup>12</sup>

Sovè a te manifeste yon amou sensè pou Bondye nan mennen yon lavi pafè, nan onore misyon sakre li te genyen an. Li pa t janm awogan. Li pa t janm ranpli ak ògèy. Li pa t janm dezonèt. Li te toujou enb. Li te toujou sensè. Li te toujou obeyisan

Malgre ke l te tante pa mèt twonpri a, ki se dyab la; malgre li te fèb fizikman paske l te jene pandan 40 jou ak 40 nuit epi li te grangou, lè malen an te fè Jezi pwopozisyon ki te

pi atiran ak pi tantan yo, li te banou yon egzanp obeyisans divin kote l te refize devye soti nan sa li te konnen ki te dwat.<sup>13</sup>

Lè l t ap fè fas ak agoni Jetsemene a, kote li te andire kalite doulè ki te fè syè nan kò li te vide tankou gwo degout san ap tonbe atè,<sup>14</sup> li te montre egzanp yon Pitit obeyisan kote l te di: “Papa, si ou vle, tanpri, wete gode soufrans sa a devan je mwen. Men, se pa volonte pa m ki pou fèt, se volonte pa ou.”<sup>15</sup>

Jan Sovè a te bay premye Apot li yo enstriksyon an, se konsa li bay ou menm avèk mwen enstriksyon tou: “Suiv mwen.”<sup>16</sup> Èske nou dispoze pou nou obeyi?

Konesans n ap chèche a, repons nou anvi jwenn yo, ak fòs nou vle genyen jodia pou nou afwonte difikilte yon mond chanjan ak konplèks yo, nou ka jwenn yo si nou dispoze pou nou obeyi kòmandman Bondye yo. M ap site pawòl Senyè a te di yo ankò: “Yon moun ki respekte kòmandman [Bondye] yo li resevwa verite ak limyè, jistan l glorifye nan verite epi l konnen tout bagay.”<sup>17</sup>

Mwen priye enbleman pou nou ka resevwa bèl rekonpans yo pwomèt moun ki obeyisan yo. Nan non Jezikri, Senyè nou epi Sovè nou an, amèn.

## NÒT

1. “O toi, vérité” *Cantiques*, no. 175
2. Doktrin ak Alyans 93:24, 26–28.
3. 1 Samyèl 15:22.
4. Doktrin ak Alyans 64:34.
5. 1 Nefi 3:7.
6. Jenèz 22:12.
7. Jenèz 22:18.
8. Joseph F. Smith, “Discourse,” *Deseret News*, Nov. 12, 1873, 644.
9. Gordon B. Hinckley, “If Ye Be Willing and Obedient,” *Ensign*, Des. 1971, 125.
10. Abraram 3:25.
11. Doktrin ak Alyans 132:5.
12. Ebre 5:8–9.
13. Gade Matye 4:1–11.
14. Lik 22:44.
15. Lik 22:42.
16. Jan 21:22.
17. Doktrin ak Alyans 93:28.

# Ansèyman pou epòk pa nou an

**L**eson Prètriz Mèlkisedèk ak Sosyete Sekou katriyèm Dimanch yo ap rezève pou “Ansèyman pou epòk pa nou an.” Chak leson kapab prepare apati youn oswa plis diskou yo te bay nan dènye konferans jeneral la (gade tablo anba a). Prezidan pye ak prezidan distri yo gen dwa chwazi ki diskou yo dwe itilize, oubyen yo ka bay evèk yo ak prezidan branch yo responsablite sa a. Dirijan yo dwe mete aksan sou enpòtans pou frè nan Prètriz Mèlkisedèk yo ak sè Sosyete Sekou yo etidye menm diskou yo menm jou Dimanch yo.

Yo ankouraje moun k ap asiste leson katriyèm Dimanch yo pou yo li dènye revè konferans jeneral la epi pote l avèk yo nan klas la.

## Sigjesyon pou prepare yon leson apati diskou yo

Priye pou Sentespri a kapab avèk ou pandan w ap etidye ak anseye diskou (yo). Ou gen dwa

eseye prepare leson an avèk lòt materyèl, men se diskou konferans yo ki apwouve pou sa. Tach ou se ede lòt moun yo aprann ak viv levanjil la jan yo anseye l nan dènye konferans jeneral la nan Legliz la.


Repase diskou yo, pandan w ap chèche prensip ak doktrin ki reponn ak bezwen chak manm ki nan klas la. Epitou, chèche istwa, referans ekriti, ak deklarasyon nan diskou yo ki ap ede ou anseye verite sa yo.

Fè yon rezime sou fason pou anseye prensip yo ak doktrin yo. Panse poze kesyon k ap ede manm klas yo:

- Chèche prensip ak doktrin ki nan diskou yo.
- Panse sou siyifikasyon yo.
- Pataje konpreyansyon, ide, eksperyans, ak temwayaj.
- Aplike prensip ak doktrin sa yo nan lavi yo.

MWA POU LESON YO ANSEYE	MATERYÈL POU LESON KATRIYÈM DIMANCH
Avril 2013–Oktòb 2013	Diskou ki fèt nan konferans jeneral Avril 2013 la*
Oktòb 2013–Avril 2014	Diskou ki fèt nan konferans jeneral Oktòb 2013 la*

*\*Pou leson katriyèm Dimanch Avril ak Oktòb yo, nou ka chwazi diskou nan konferans anvan yo oubyen nan dènye konferans lan. Diskou yo disponib nan plizyè lang nan [conference.lds.org](http://conference.lds.org).*



**Pa Prezidan Henry B. Eyring**  
Premye Konseye nan Premye Prezidans lan

## "Vini jwenn mwen"

*Pa pawòl li ak egzanj li, Kris la montre nou kijan pou nou rapwoche nou de li.*

**M**wen rekonesan pou m avèk nou nan konferans sa a nan Legliz Jezikri pou Sen Dènne Jou yo. Sa a se Legliz pa li. Nou pran nou li sou nou lè nou antre nan wayòm ni an. Li se Bondye, Kreyatè a, epi li pafè. Nou se mòtèl ki sijè anba lanmò ak peche. Men nan amou li pou nou ak pou fanmi nou, li envite nou pou nou rapwoche bò kote li. Men pawòl li di: "Pwoche kote m epi m ap pwoche kote nou; chèche m avèk dilijans epi n ap jwenn mwen; mande epi n ap resevwa; frape epi yo ap louvri pou nou."<sup>1</sup>

Sezon Pak sa a raple nou poukisa nou renmen li e l raple nou pwomès li fè disip fidèl li yo pou yo vin zanmi byeneme li. Sovè a te fè pwomès sa a e li te di nou kouman, lè n ap sèvi li, li vin jwenn nou. Yon egzanj sou sa se nan yon revelasyon li te bay Oliver Cowdery a pandan l t ap sèvi Senyè a avèk Pwofèt Joseph Smith nan tradiksyon Liv Mòmmon an: "Gade, ou se Oliver, epi m pale avèk ou poutèt dezi w; se poutèt sa konsève pawòl sa a nan kè ou. Rete fidèl ak dilijan nan respekte kòmandman Bondye yo, epi m ap antoure ou avèk bra lanmou mwen."<sup>2</sup>

Mwen santi lajwa lè m rapwoche m bò kote Sovè a ak lè l rapwoche l de mwen atravè senp aksyon obeyi kòmandman yo.

Siman nou menm tou nou konn fè eksperyans konsa. Se gen dwa lè nou chwazi pou n al nan yon reyinyon Sentsèn. Pou mwen, sete yon jou Saba pandan m te trè jèn. Nan epòk sa yo, nou te konn pran Sentsèn nan yon reyinyon nan aswè. Souvni youn nan jou sa yo, sa gen plis pase 65 an, kote m te respekte kòmandman pou reyini avèk fanmi m ak Sen yo, toujou kontinye rapwoche m de Sovè a.

Deyò a te frèt epi l te fènwa. Mwen sonje m te santi yon limyè ak yon chalè nan chapèl la jou swa sa a avèk paran m yo. Nou te pran Sentsèn nan, ki te administre pa detantè Prètriz Aawon yo, kote nou te fè alyans avèk Papa Selès nou an pou nou toujou sonje Pitit Gason l lan ak pou nou respekte kòmandman l yo.

Nan fen reyinyon an, nou te chante kantik "Demeure auprès de moi, Seigneur!" la ki gen pawòl sa yo: "Seigneur, reste avec moi ce soir."<sup>3</sup>

Mwen te santi amou Sovè a e m te santi l tou pre mwen jou swa sa a. E m te santi rekonfò Sentespri a.

Mwen te vle yon fwa ankò reviv santiman lanmou Sovè a ak santi l tou pre mwa nan jan m te santi l nan reyinyon Sentsèn sa a pandan m te jèn nan. Konsa, sa pa gen lontan, m te respekte yon lòt kòmandman. Mwen te sonde ekriti yo. Nan yo, mwen te konnen m t ap kapab yon fwa ankò pèmèt Sentespri a fè m santi sa disip Senyè resisite a te siman santi a lè l te reponn envitasyon yo a pou l te vini lakay yo e rete avèk yo a.

Mwen te li resi twazyèm jou apre Krisifiksyon an ak antèman an. Fi fidèl yo ak lòt moun ki te vini avèk yo te jwenn wòch la woule soti devan tonb lan e kò li pa t la. Yo te vini pa amou pou li, pou yo te ka anbome kò li.

De zanj te kanpe bò tonm nan epi te mande yo poukisa yo te efreye konsa a, yo te di:

"Poukisa n ap chèche moun vivan an nan mitan mò yo?"

"Li pa isit la, li resisite: sonje kijan l te pale avèk nou lè l te nan Galile a,

"Li te di, Pitit Gason Lòm nan gen pou l tonbe anba men pechè yo; yo gen pou kloure l sou yon kwa. Men sou twa jou l ap leve soti vivan ankò."<sup>4</sup>

Nan levanjil Mak la, li ajoute direksyon youn nan zanj yo te bay: "Men ale di disip li yo ansanm ak Pyè, l ap tann yo nan peyi Galile. Se la ya wè l, jan l te di yo a."<sup>5</sup>

Apot yo ak disip yo te rasanble nan Jerizalèm. Jan nou ta ka petèt ye, yo te pè e pandan yo t ap pale ansanm, yo t ap poze tèt yo kesyon sou lanmò a ak rapò yo te resevwa yo, ki te di li resisite a.

De nan disip yo t ap mache jou swa sa a soti Jerizalèm pou ale

Emmaus. Kris resisite a te parèt sou wout la e li te mache avèk yo. Senyè a te vin jwenn yo.

Liv Lik la pèmèt nou mache avèk yo jou swa sa a:

“Epi sete konsa, yo t ap pale, yo t ap diskite youn ak lòt; lè sa a, Jezi pwoche bò kote yo, li kòmanse fè wout la avèk yo.

“Men je yo te bouche e yo pa t kapab rekonèt li.

“Epi li di yo, sou kisa n ap pale a antan n ap mache a; ki fè nou tris konsa?

“Youn ladan yo ki te rele Kleopas te reponn li: Gen lè ou se sèl moun nan Jerizalèm ki pa konn sa k te rive nan semèn ki sot pase a”<sup>6</sup>

Yo te di l kijan yo te tris dèske Jezi te mouri pandan ke yo te kwè ke se li k t apral delivre Izrayèl la.

Siman te gen afeksyon nan vwa Senyè resisite a lè l te pale avèk de disip tris e aflije sa yo.

“Lè sa a Jezi di yo, ala moun san konprann, kijan lespri nou fè lou pou kwè tout sa pwofèt yo te di yo:

“Èske se pa pou Kris la te soufri bagay sa yo anvan pou l te resevwa louwanj li?

“Epi kòmanse avèk Moyiz ak tout pwofèt yo, li pran eksplike yo tout sa ki te ekri sou li nan ekriti yo.”<sup>7</sup>

Epi, men pasaj ki toujou chofe kè m nan, depi lè m te piti a:

“Lè yo rive tou pre vilaj la kote yo ta prale a, Jezi fè tankou li vle al pi lwen.

“Yo te kenbe l, yo te di li: Rete avèk nou non. Solèy fin kouche, pral fènwa. Epi li te antre, pou l rete avèk yo.”<sup>8</sup>

Jou swa sa a, Sovè a te aksepte envitasyon pou antre lakay disip li yo tou pre vilaj Emaus la.

Li te chita pou l manje avèk yo. Li te pran pen an, li te beni li, li te kase l epi li ba yo li. Menm lè a je yo te louvri, yo rekonèt li. Men, li disparèt lamenm devan yo. Lik dekri nou kisa disip beni sa yo te santi: “Epi youn pran di lòt: èske nou pa t santi kè nou t ap boule andedan nou, lè l t ap mache avèk nou sou wout la, lè l t ap eksplike nou ekriti yo?”<sup>9</sup>

Menm lè a, de disip yo te kouri retounen Jerizalèm pou yo t al di onz Apot yo sa k te rive yo a. Nan moman sa a, Sovè a te parèt ankò.

Li te raple yo pwofesi konsènan misyon li pou ekspye pou peche tout pitit Papa l yo ak pou kase chenn lanmò yo.

“Epi li di yo: men sa ki ekri: Kris la gen pou l soufri jouk li mouri, men sou twa jou li gen pou l soti vivan nan lanmò.

“Epi ya pran non l pou yo mache al nan tout nasyon, kòmanse pa Jerizalèm, pou preche repantans ak padon pou peche yo.

“Nou temwen tout bagay sa yo.”<sup>10</sup>

Pawòl Sovè a di yo osi vrè pou nou ke yo te ye pou disip li yo lè sa a. Nou temwen bagay sa yo. E gwo responsablite nou aksepte lè nou batize antre nan Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo te rann klè pou nou pa pwofèt Alma, dè syèk anvan sa, nan dlo Mòmmon yo:

“Epi, se te konsa, li te di yo: Gade, men dlo Mòmmon an (paske se konsa li te rele), kounyeya etandone nou vle antre nan twoupo Bondye a, pou nou pote non pèp li a, e nou vle youn pote chay lòt, pou yo kapab vin lejè;

“Wi, nou vle kriye ak moun k ap kriye yo; wi, konsòle moun ki bezwen konsolasyon, e pou nou sèvi kòm temwen Bondye tout tan, nan tout bagay, e tout kote nou ta kapab ye, menm jistan lè nou mouri, pou Bondye kapab rachte nou, e pou nou kapab nan pami moun premye rezirèksyon yo, pou nou kapab gen lavi etènèl—

“Kounyeya, m ap di nou konsa, si se dezi kè nou, kisa ki anpeche nou batize nan non Senyè a, kòm yon temwayaj devan l pou nou montre l nou te fè alyans avèk li, n ap sèvi l ap respekte kòmandman l yo, pou l kapab vide lespri l sou nou avèk plis abondans?

“Epi kounyeya lè pèp la te tandè pawòl sa yo, yo te bat men yo ak lajwa e yo te di konsa: Se dezi kè nou.”<sup>11</sup>

Nou fè alyans pou nou sekouri moun ki nan bezwen ak pou nou

temwaye de Sovè a osi lontan n ap viv.

N ap kapab fè sa san febli sèlman si nou santi amou pou Sovè a ak lanmou li pou nou. Si nou fidèl nan pwomès nou fè yo, n ap santi amou nou pou li. L ap grandi paske n ap santi pouvwa li e n ap santi li pwoche pi pre nou pandan nou nan sèvis li a.

Prezidan Thomas S. Monson souvan raple nou pwomès Senyè a te fè disip fidèl li yo: “Epi nenpòt moun ki resevwa nou, m ap la tou, paske m prale devan nou. M ap sou kote dwat nou ak sou kote goch nou, epi Lespri m ap nan kè nou, epi zanj mwen yo ap alantou nou pou pote nou anlè.”<sup>12</sup>

Gen yon lòt fason ankò pou ou menm avèk mwen santi li pwoche pi pre nou. Pandan n ap sèvi li fidèlman an, l ap rapwoche de manm fanmi nou ke nou renmen yo. Chak fwa lè, nan sèvis Senyè a, m oblije demenaje oubyen pati kite fanmi mwen, m toujou vin wè ke Senyè a beni madanm mwen ak pitit mwen yo. Li prepare sèvitè eman ak opòtinite pou mennen fanmi mi pwoche pi pre li.

Nou konn santi menm benediksyon sa a nan lavi nou tou. Anpil nan nou gen moun pwòch nou ki ekate soti sou chemen lavi etènèl la. N ap mande tèt nou kisa ankò nou ta ka fè pou mennen yo retounen. Nou mèt gen konfyans ke Senyè a ap rapwoche bò kote yo pandan ke n ap sèvi li ak lafwa a.

Sonje pwomès Senyè a te fè Joseph Smith ak Sidney Rigdon nan, lè yo te nan misyon pou li byen lwen fanmi yo a: “Zanmi m yo, Sidney ak Joseph, fanmi nou byen; yo nan men m, epi m ap fè sa m wè ki bon avèk yo; paske nan mwen gen tout pouvwa.”<sup>13</sup>

Tankou Alma ak Wa Mozya, gen kèk nan nou menm, paran fidèl ki ap sèvi Senyè a si lontan e si byen, ki gen timoun ki kite wout la malgre sakrifis paran yo ap fè pou Senyè a. Yo te fè tout sa yo te kapab, aparaman san rezilta, menm avèk èd nan men lòt zanmi eman ak fidèl.

Alma ak Sen yo te priye pou pitit gason l lan ak pou pitit gason Mozya yo, Epi yon zanj te parèt. Priyè pa nou yo ak priyè moun ki egzèse lafwa yo ap oblije sèvitè Senyè a yo ede manm fanmi nou. Y ap ede yo chwazi chemen pou retounen al jwenn Bondye a, menm lè yo jwenn atak nan men Satan ak patizan l yo, ki gen kòm bi pou yo detwi fanmi nan lavi sa a ak nan letènite.

Na sonje pawòl zanj lan te di Alma pi jèn nan ak pitit gason Mozya yo nan rebelyon yo a: “Epi zanj lan te di ankò: Gade Senyè a te tandè priyè pèp li a ak priyè Alma, sèvitè l la, papa w, paske li te priye avèk anpil lafwa pou w kapab vin konnen verite; se poutèt sa, m vini pou m konvenk ou, pou w konnen pouvwa ak otorite Bondye, pou ou konnen priyè sèvitè l yo kapab gen repons dapre lafwa yo.”<sup>14</sup>

Mwen pa ka fè nou menm k ap priye ak sèvi Senyè a, pwomès ke n ap jwenn tout benediksyon nou ta swete pou nou menm ak pou fanmi nou. Men mwen ka pwomèt nou Sovè a ap pwoche pi pre nou e l ap beni nou menm ak fanmi nou, avèk sa li wè ki bon pou nou. N ap gen rekonfò lanmou li e n ap santi l pwoche pi pre kòm repons pou priyè nou si nou lonje lamèn pou rann lòt moun sèvis. Pandan ke n ap ede moun ki nan bezwen e pote savon Ekspyasyon an bay moun ki santi remò pou peche yo, pouvwa Senyè a ap soutni nou. Bra li lonje avèk pa nou pou pote sekou ak benediksyon bay pitit Papa nou ki nan

Syèl la yo, enkli moun nan fanmi nou tou.

Gen yon bèl retou ki prepare pou nou. Lè sa a, na va wè pwomès Senyè a nou renmen an akonpli. Se li menm ki pral akeyi nou nan lavi etènèl la avèk li ansanm ak Papa nou ki nan Syèl la. Jezikri dekri sa nan fason sa a:

“Chèche potekole epi tabli Siyon m nan. Respekte kòmandman m yo nan tout bagay.

“Epi, si ou respekte kòmandman m yo epi ou pèsevere jiska lafen, w ap gen lavi etènèl, ki se pi gwo nan tout kado Bondye yo.”<sup>15</sup>

“Paske, moun ki vivan yo pral eritye tè a, epi moun ki mouri yo pral repoze apre tout travay yo, epi zèw yo pral suiv yo; ep yo pral resevwa yon kouwòn nan kay Papa m yo, m te pare pou yo a.”<sup>16</sup>

Mwen temwaye ke gras avèk Lespri a nou kapab suiv envitasyon Papa nou ki nan Syèl la: “Se Pitit Gason Byeneme m nan. Koute!”<sup>17</sup>

Pa pawòl li e pa egzanp li, Kris la montre nou kijan pou nou rapwoche bòkote li. Chak pitit Papa nou ki nan Syèl la ki chwazi antre nan pòt batèm nan nan Legliz li a ap gen opòtinite pou yo enstwi nan levanjil li a ak pou yo tandè sèvitè li, ke li aple, ba yo envitasyon l te bay la: “Vini suiv mwen” an.<sup>18</sup>

Chak sèvitè ki fè alyans avèk li andedan wayòm ni an sou tè a, ak nan mond dèzespri a, ap resevwa direksyon li, atravè Lespri a, pandan y ap beni ak sèvi lòt moun pou li yo. Epi ya va santi amou li, e ya va jwenn lajwa nan rapwoche pi pre li.

Mwen se yon temwen Rezirèksyon Senyè a osi siman ke si m te la jou swa sa a avèk de disip yo nan kay sou wout Emmaus la. Mwen konnen li vivan osi siman Joseph Smith te konn sa lè l te wè Papa a ak Pitit Gason an nan limyè a nan bèl jou maten sa a nan boskè a nan Palmira a.

Sa se veritab Legliz Jezikri a. Se sèlman nan kle Prètriz yo, ke Prezidan Thomas S. Monson detni yo, ki gen pouvwa pou nou sele avèk fanmi nou pou n al viv pou tout tan avèk Papa nou ki nan Syèl la ansanm ak Senyè a, Jezikri. Nan jou jijman an, nou pral kanpe devan Sovè a, fasafas. Se va yon moman lajwa pou moun ki te rapwoche pi pre l yo nan sèvis li nan lavi sa a. Yo pral gen lajwa pou tandè pawòl sa yo: “Se byen, bon sèvitè fidèl.”<sup>19</sup> Konsènan sa mwen temwaye, antanke temwen Sovè ak Redanmtè resisite nou an, nan non Jezikri, amèn.

## NÒT

1. Doktrin ak Alyans 88:63.
2. Doktrin ak Alyans 6:20.
3. “Demeure auprès de moi, Seigneur!,” *Cantiques*, no. 93.
4. Lik 24:5–7.
5. Mak 16:7.
6. Lik 24:15–18.
7. Lik 24:25–27.
8. Lik 24:28–29.
9. Lik 24:32.
10. Lik 24:46–48.
11. Mozya 18:8–11.
12. Doktrin ak Alyans 84:88.
13. Doktrin ak Alyans 100:1.
14. Mozya 27:14.
15. Doktrin ak Alyans 14:6–7.
16. Doktrin ak Alyans 59:2.
17. Joseph Smith—Istwa 1:17.
18. Matye 11:28.
19. Matye 25:21.